



**Olga Hugelmeyer**  
Superintendent of Schools

9 Fevriye 2022

A Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl Lekòl Piblik Elizabeth,

Lekòl Piblik Elizabeth rekonèt wòl enpòtan nan kreye lekòl ki an sekirite e anpè epi travay avèk dilijans pou bay tout elèv yo, yon anviwònman aprantisaj ki pi an sekirite ak pi konfòtab posib.

Yon nouvo lwa, P.L. 2021, c.365, te antre an fonksyon ki egzije distri lekòl yo pou notifiye elèv, manm ekip, ak paran yo lè yo fè egzèsis sekirite pandan jounen lekòl la. Administrasyon lekòl yo ap fè elèv ak manm ekip yo konnen apre egzèsis sekirite a, ke se te yon egzèsis epi pa gen okenn danje. Paran ak gadyen yo ap resevwa tou yon notifikasyon pa e-mail chak fwa lekòl pitit yo fè yon egzèsis sekirite, pou enfòmasyon yo ke yon egzèsis sekirite te fèt.

An tèm de evènman ki gen rapò ak sekirite, distri a pral sèlman itilize fonksyon vwa ak tèks nan sistèm mesaj otomatik li a (BlackBoard Connect) si gen yon ijans tout bon vre oswa si yon alam sonnen nan yon lekòl oswa biwo administratif ki pat planifye.

Yo mande pou fè egzèsis sekirite yon fwa pa mwa pandan ane lekòl la. Kalite egzèsis sekirite yo enkli fèmen-tout-pòt, rete kote w ye a, evakyasyon, menas eklate bonm, ak moun ki antre nan lekòl ak zam. Egzèsis pou dife, ki konsidere kòm separe ak egzèsis sekirite, yo mande tou yon fwa pa mwa. Kòm nouvo lwa konsène espesyalman a egzèsis sekirite yo, ou ap resevwa mesaj pa e-mail sèlman nan jou lè yo te fè egzèsis sekirite.

Sekirite tout moun ki nan lekòl nou yo ak nan biwo administratif nou yo enpòtan anpil. Nou ap kontinye planifye epi fè egzèsis sa yo pou byen prepare elèv ak manm ekip nou yo nan ka yo ta fè fas a yon ijans aktyèl.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer

**Office of the Superintendent of Schools**

500 North Broad Street, Elizabeth, New Jersey 07208 • Ph: 908.436.6131 • Fax: 908.436.6133  
Email: [hugelmol@epsnj.org](mailto:hugelmol@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)